



Pou Piblikasyon Imedya: 28/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRÈ ETA A FÈ NAN KONBAT COVID-19

Gouvènè a siyen lejislasyon (A9513/S8529) ki pwolonje dispozisyon pou pèmèt anplwaye piblik ak prive yo jwenn konje peye pou resevwa vaksinasyon COVID

Gouvènè a ankouraje Nouyòkè yo pou kontinye itilize zouti yo pou pwoteje ak trete kont COVID-19 la: Vaksen yo, dòz rapèl yo, tès ak tretman an

Yo te rapòte 37 lanmò nan tout eta a

REMAKE: Apati 24 jen 2022, done sou vaksen an pral mete ajou chak semèn nan vandredi yo pou yo an akò ak kalandriye aktyalizasyon done ke CDC mete ajou yo. Pou w jwenn enfòmasyon adisyonèl sou Done Vaksinasyon COVID-19 ke CDC a founi, gade https://covid.cdc.gov/covid-data-tracker/#vaccinations_vacc-total-admin-rate-total.

REMAKE: Mizajou nan fichye done kimilatif sou lanmò yo CDC yo te fon kanpe depi 6 jen 2022 pandan CDC ap mete sistèm li an ajou. Nan dat 28 jen 2022, rapò CDC yo poko reprann. Nenpòt kesyon sou sa ta dwe ale jwenn CDC. Pandan moman sa, kantite lanmò total ak nouvo lanmò chak jou yo ke yo rapòte atravè HERDS pral kontinye kòm dabitid.

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè eta a nan konbat COVID-19. Gouvènè Hochul te siyen tou lejislasyon (A9513/S8529) ki pwolonje lwa pou pèmèt anplwaye piblik ak prive yo jwenn konje peye pou resevwa vaksinasyon COVID.

"Mwen ankouraje Nouyòkè yo pou yo kontinye itilize zouti ki disponib yo pou nou kapab pote viktwa sou pandemi sa epi rete an sekirite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pi bon zam nou kont viris la se vaksen an, kidonk pran vaksen ak dòz rapèl la lè w elijib epi konsilte pedyat timoun ou yo sou zafè pran vaksen. Avèk lejislasyon an mwen te siyen jodi a, Nouyòkè yo pral toujou resevwa konje peye lè y ap pran vaksen, kidonk pa ezite epi pran randevou w jodi a. Si ou santi sentòm, fè tès epi rete lakay. An nou kontinye travay ansanm pou kenbe kominote nou yo an sekirite".

Senatè Eta Andrew Gounardes te deklare, "Mwen rekonesan pou Gouvènè Hochul dèske li siyen lejislasyon mwen an ki pral bay anplwaye yo opòtinite pou yo pran vaksen san yo pa rete peman yo. Vaksen sa se pi bon fason pou pwoteje tèt nou ak youn lòt kont COVID-19, kidonk mwen ankouraje tout moun ki poko fè sa pou yo vaksinen jodi a".

Manm Asanble Charles D. Fall te deklare, "Pandan nou depase baz referans nasyonal 1 milyon lanmò akòz COVID-19, epi avèk anviwon 20% popilasyon New York la ki toujou poko vaksinen konplètman, mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon mwen an. Lwa sa pwolonje yon lwa ke mwen te adopte nan dènye sesyon an ki pèmèt anplwaye piblik ak prive yo jwenn opòtinite pou yo vaksinen konplètman ak pran dòz rapèl. Li enpòtan pou fonksyonè sivil esansyèl yo, ki gen ladan pwofesyonèl swen sante, pèsonèl sèvis medikal ijans, anplwaye nan etablisman swen sante kolektif, ofisye lapolis, ponpye, ofisye koreksyon, pwofesè ak anplwaye sektè prive a, resevwa vaksen ak dòz rapèl la byen vit posib pou kontinye sèvi nan premye liy yo nan pandemi sa avèk mwens risk pou tèt yo ak fanmi yo. Li enpòtan tou pou mendèv piblik ak prive a k ap travay nan tout nivo ak pòs resevwa vaksen pou kapab kenbe ti biznis nou yo, etablisman swen sante ak mezon retrèt yo, espas divètisman yo ak eta nou an ouvri ak fonksyone osi efikas posib pandan pandemi an ap kontinye".

Enfòmasyon jodi a rezime an brèf anba la a:

- **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun** - 20.57
- **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun an Mwayèn sou 7 Jou** - 26.25
- **Rezilta Tès yo te Rapòte yo** - 49,290
- **Total Pozitif** - 4,020
- **Pousantaj Pozitif** - 7.58**
- **Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou** - 4.74%
- **Kantite Pasyan Ki Entène Lopital** - 2,003 (+171)
- **Kantite Pasyan ki Fèk Entène** - 826
- **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU)** - 176 (-17)
- **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) avèk Entibasyon** - 72 (+2)
- **Kantite Moun Total Yo Bay Egzeyat** - 315,103 (+565)
- **Nouvo ka lanmò etablisman swen sante yo te rapòte atravè HERDS** - 37
- **Kantite ka lanmò total etablisman swen sante yo te rapòte atravè HERDS** - 56,532

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tès la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Sistèm Done Repons Elektwonik sou Sante a (Health Electronic Response Data System, HERDS), se yon sous done DOH Eta NY ki kolekte done sou lanmò pa jou ki konfime nan lopital, mezon retrèt ak etablisman swen adilt yo rapòte yo sèlman.

Nòt Enpòtan: Anvigè apati lendi 4 avril, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Human Services, HHS) federal la p ap egzije ankò enstalasyon tè s ki itilize antijèn rapid COVID-19 pou rapòte rezilta negatif. Pa konsekan, mezi pousantaj pozitif Eta New York la pral kalkile nan itilize sèlman rezilta PCR ke yo rapòte nan laboratwa. Tès antijèn pozitif yo pral toujou rapòte bay Eta New York epi rapòte nouvo ka chak jou ak ka pou chak 100 mil pral kontinye gen ladan tè s PCR ak antijèn yo. Akòz chanjman sa ak lòt faktè, sa gen ladan chanjman nan pratik tè s yo, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

• **Total ka lanmò CDC a rapòte epi ki konpile se - 71,956**

Done pwovizwa sou sètifika lanmò COVID-19 pa jou ke DOH Eta NY ak Vil NY rapòte bay CDC a enkli moun ki mouri nan nenpòt lokal, ki enkli lopital, mezon retrèt, etablisman swen sante, lakay yo, nan ospis ak lòt etablisman yo. Kantite ka mwayen pa popilasyon 100 mil moun sou 7 jou pou chak rejyon se konsa:

REJYON	Samdi 25 jen 2022	Dimanch 26 jen 2022	Lendi 27 jen 2022
Capital Region	14.23	14.60	15.00
Central New York	10.83	11.11	10.85
Finger Lakes	12.77	12.58	12.43
Long Island	31.86	32.05	32.76
Mid-Hudson	24.38	24.59	25.02
Mohawk Valley	11.66	11.57	11.95
New York City	34.25	34.44	34.50
North Country	10.30	10.13	9.92
Southern Tier	10.92	10.88	11.19
Western New York	10.25	10.64	11.10
Nan tout Eta a	25.84	26.01	26.25

Pousantaj rezilta tè s pozitif an mwayèn sou 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa**:

Rejyon	Samdi 25 jen 2022	Dimanch 26 jen 2022	Lendi 27 jen 2022
Capital Region	6.97%	7.19%	7.32%

Central New York	5.17%	5.30%	5.10%
Finger Lakes	6.03%	6.00%	6.11%
Long Island	7.52%	7.49%	7.63%
Mid-Hudson	3.49%	3.47%	3.51%
Mohawk Valley	5.43%	5.47%	5.50%
New York City	4.28%	4.31%	4.32%
North Country	4.89%	4.90%	4.77%
Southern Tier	4.61%	4.57%	4.66%
Western New York	6.51%	6.87%	7.22%
Nan tout Eta a	4.68%	4.70%	4.74%

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tèl la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Pousantaj rezilta tèl pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite Vil New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa **:

Minisipalite nan NYC	Samdi 25 jen 2022	Dimanch 26 jen 2022	Lendi 27 jen 2022
Bronx	4.98%	5.25%	5.29%
Kings	2.39%	2.35%	2.41%
New York	6.50%	6.72%	6.63%
Queens	7.11%	7.36%	7.36%
Richmond	5.66%	5.74%	5.73%

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tèl la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Yè, te gen 4,020 Nouyòkè ki te teste pozitif pou COVID-19 nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin se 5,555,316. Yon repatisyon jewografik prezante konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	67,424	39
Allegany	9,615	2
Broome	50,962	12
Cattaraugus	16,845	9
Cayuga	17,814	7
Chautauqua	25,836	13
Chemung	23,401	5

Chenango	10,249	1
Clinton	19,114	5
Columbia	11,528	25
Cortland	11,663	1
Delaware	8,749	5
Dutchess	71,030	52
Erie	237,335	102
Essex	6,515	3
Franklin	10,477	6
Fulton	14,076	4
Genesee	14,878	4
Greene	9,508	8
Hamilton	949	-
Herkimer	15,333	5
Jefferson	22,472	12
Lewis	6,593	1
Livingston	12,777	1
Madison	14,752	2
Monroe	170,014	43
Montgomery	13,054	3
Nassau	454,488	384
Niagara	53,212	20
NYC	2,558,552	2,256
Oneida	60,447	24
Onondaga	125,292	40
Ontario	22,516	4
Orange	116,840	56
Orleans	9,416	-
Oswego	29,639	6
Otsego	11,339	9
Putnam	26,427	15
Rensselaer	35,970	15
Rockland	100,831	62
Saratoga	52,937	34
Schenectady	37,633	12
Schoharie	5,582	1
Schuyler	3,877	1
Seneca	6,588	3
St. Lawrence	23,168	4
Steuben	22,135	12
Suffolk	471,376	366

Sullivan	20,353	9
Tioga	12,173	3
Tompkins	22,597	19
Ulster	35,861	20
Warren	15,776	5
Washington	13,580	5
Wayne	19,095	1
Westchester	281,804	262
Wyoming	9,003	1
Yates	3,846	1

Anba a se done ki montre konbyen moun ki entène ki te teste pozitif pou COVID-19 epi ke yo te admèt pou COVID-19/konplikasyon COVID-19 ak konbyen ke yo te admèt pou kondisyon ki pa COVID-19:

Rejyon	Pasyan COVID-19 yo aktyèlman entène	Admèt akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Pousantaj (%) yo admèt akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon	Pousantaj (%) yo admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon
Capital Region	101	63	62.4%	38	37.6%
Central New York	41	27	65.9%	14	34.1%
Finger Lakes	192	56	29.2%	136	70.8%
Long Island	401	174	43.4%	227	56.6%
Mid-Hudson	203	88	43.3%	115	56.7%
Mohawk Valley	25	10	40.0%	15	60.0%
New York City	883	379	42.9%	504	57.1%
North Country	40	23	57.5%	17	42.5%
Southern Tier	50	12	24.0%	38	76.0%

Western New York	67	30	44.8%	37	55.2%
Nan tout Eta a	2,003	862	43.0%	1,141	57.0%

Kounye a, varyant Omikwon an reprezante plis pase 95% viris ki an sikilasyon. Pou jwenn plis enfòmasyon sou trasaj varyant lan, tanpri vizite isit la: ([Done Varyant COVID-19 | Depatman Sante \(ny.gov\)](#)).

Yè, te gen 37 nouvo lanmò total yo te rapòte akòz COVID-19, sa ki mennen total la nan 56,532. Repatisyon jewografik la prezante konsa, dapre konte rezidans:

Konte	Nouvo Lanmò yo
Bronx	1
Cayuga	1
Delaware	1
Dutchess	2
Erie	1
Fulton	1
Kings	6
Monroe	2
Nassau	4
New York	3
Oneida	2
Orange	1
Queens	4
Rensselaer	1
Saratoga	1
Suffolk	4
Ulster	1
Warren	1

Tout sit vaksinasyon an mas Eta New York yo ouvri pou Nouyòkè yo ki elijib ki gen 5 ane ak plis, pou vaksinasyon san randevou nan tout sitye yo sou baz ke se moun ki vini an premye yo ke y ap sèvi anvan pou moun ki gen 12 zan ak plis. Enfòmasyon sou ki sit ki egzije randevou pou timoun ki nan gwoup laj 5-11 ane disponib sou [sit entènèt nou an](#). Moun ki ta prefere fikse yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas eta a jere ka fè sa sou [Am I Eligible App](#) (Aplikasyon Èske Mwen Elijib) oswa lè yo rele 1-833-NYS-4-VAX. Moun yo ka kontakte depatman sante lokal, famasi, doktè oswa

lopital yo tou pou fikse randevou kote vaksen yo disponib, oswa vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov) pou jwenn enfòmasyon sou randevou vaksen ki toupre yo.

Yo ankouraje Nouyòkè k ap chèche pran randevou pou vaksen pou timoun ki gen 5-11 zan yo pou yo kontakte pedyat pitit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen yo pou gwoup laj sa a. Paran yo ak gadyen yo ka vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov), voye mesaj tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki tou pre yo. Asire w ke founisè a ofri vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la, paske lòt vaksen COVID-19 yo pa ko otorize pou gwoup laj sa a.

Vizite [sitwèb](#) nou an pou paran ak gadyen yo jwenn nouvo enfòmasyon, kesyon ak repons yo poze souvan yo, ak resous ki fèt espesyalman pou paran ak gadyen nan gwoup laj sa a.

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)